



5 Enfòmasyon ou Bezwen Genyen Lwa New Jersey kont Diskriminasyon

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination - ki rele tou LAD)** defann diskriminasyon ak pèsekisyon ki baze sou sa yon moun wè oswa konsidere kòm ras, reliyion, peyi kote yon moun soti, oryantasyon seksyèl, si yon moun gen idantite oswa di li se yon gason oubyen yon fi, andikap, ak lòt karakteristik pwoteje yo. Lwa a aplikab nan kesyon travay, kay pou moun rete, ak kote publik la konn ale (anjenniferal kote ki louvri pou publik la, tankou komès, restoran, lekòl, kan ete, sant medikal, elatriye...).
- 2 Dispozisyon kont diskriminasyon yo vle di** yon patwon pa gen dwa revoke yon moun, ni peye li mwens lajan, ni refize pran li nan yon travay oswa ba li yon pwomosyon poutèt ras li. Se menm jan an, yon pwopriyetè kay pa gen dwa refize lwe de moun k ap viv ansam yon apatman poutèt oryantasyon seksyèl yo. Epitou, yon kote publik la konn ale pa gen dwa refize yon moun sèvis poutèt reliyion li.
- 3 LAD defann pèsekisyon ki baze sou prejije kont yon moun tou.** Sa vle di, si yon moun viktim pèsekisyon ki baze sou prejije epi sa lakòz moun kote li ye yo montre li malviv, patwon an, oswa pwopriyetè kote li lwe a, oswa responsab nan kote publik la dwe pran dispozisyon nesesè pou sispann pèsekisyon an, si yo konnen oubyen te dwe konnen sa k ap pase a. Sa vle di tou pèsekisyon ant kòlèg nan travay, lokatè, oswa kliyan, kidonk pa sèlman lè se yon pwopriyetè kay oswa yon sipèvèzè nan travay li k ap pèsekite yon moun. LAD defann tou fè "ba mwen ma ba ou" nan zafè lanmou - se lè yon moun ki gen otorite sou yon lòt moun mande li pou fè lanmou avèk li pou li trete li byen, tankou kite li rete nan travay la oswa ba li pwomosyon.
- 4 LAD defann fè vanjans** kont yon moun paske li pote plent pou diskriminasyon oubyen pou pèsekisyon ki baze sou prejije, oswa si moun lan egzèse oubyen eseye egzèse dwa li genyen dapre lalwa. Pa egzanp, yon patwon pa gen dwa revoke yon anplwaye paske moun lan fè rapò pou pèsekisyon seksyèl bay departman resous imen an. Ni tou, yon pwopriyetè kote yon moun lwe pa gen dwa mande moun lan kite kote a paske li fè rapò bay DCR pou diskriminasyon nan lwaye.
- 5 Divizyon Dwa Sivik New Jersey a (New Jersey Division on Civil Rights - ki rele tou DCR) aplike dispozisyon LAD yo, epi li gen devwa pou li anpeche ak eliminé diskriminasyon ak pèsekisyon ki baze sou prejije nan New Jersey. Si nenpòt moun kwè yo vyole dwa li genyen dapre LAD, li gen dwa depoze yon plent nan DCR anvan 180 jou pase.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan adrès NJCivilRights.gov
oswa rele nan nimewo **973-648-2700**



NJ Office of the Attorney General
(Biwo Komisè Gouvènman NJ)

NJCivilRights.gov

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS